

**FRANCHIZ POU GRANMOUN AJE KI POSEDE KAY
(SENIOR CITIZEN HOMEOWNERS EXEMPTION)
APLIKASYON POU RENOUVÈLMAN**

Kimoun ki ka aplike: Benefisyè SCHE yo ki kontinye ranpli kondisyon kalifikasyon ki nan pwogram nan. Ou ka kalifye pou SCHE si revni anyèl total konbine pwopriyete byen an ansanm ak konjwen l se \$58,399 oswa mwens epi chak pwopriyete gen 65 ane oswa plis. (Si pwopriyete yo se konjwen oswa frè ak sè, yon sèl dwe gen 65 ane oswa plis.) Ak kèk eksepsyon, pwopriyete a dwe se rezidans prensipal tout pwopriyete yo.

Voye demann ou an nan lapòs nan: Depatman Finans nan Vil New York, Avantaj Fiskal pou Pwopriyete yo, New York City Department of Finance, Homeowner Tax Benefits, PO Box 3179, Union, NJ 07083. Tanpri, pa voye okenn peman nan adrès sa a, epi pa voye okenn peman ak aplikasyon renouvèlman w la.

Dat limit: 15 Mas. (Si 15 Mas tonbe nan wikenn oswa yon jou ferye, dat limit lan se pwochen jou ouvrab la.)

SEKSYON 1: ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETE A

KONTE:	BLÒK:	LO:
ADRÈS RI:		
VIL:	ETA:	KÒD POSTAL:

Reponn kesyon sa yo pou ede nou detèmine kalifikasyon ou:

1. Èske pwopriyete sa a se toujou rezidans prensipal tout pwopriyete yo? Wi Non
2. Depi ou te fin depoze dènye aplikasyon ou nan, èske yo te ajoute oswa retire yon moun nan tit pwopriyete w la? Wi Non
3. Èske revni anyèl total tout pwopriyete yo ansanm ak konjwen yo plis pase \$58,399? Wi Non

SEKSYON 2: ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETÈ (A) YO

PWOPRIYETÈ 1:	DAT NESANS:	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OSWA ITIN*:
NIMEWO TELEFÒN:	ADRÈS IMÈL:	
PWOPRIYETÈ 2:	DAT NESANS:	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OSWA ITIN*:
NIMEWO TELEFÒN:	ADRÈS IMÈL:	

Èske gen moun nan kay ou a ki te janm sèvi, oswa èske y ap sèvi kounye a, nan Fòs Lame Ameriken yo, Gad Nasyonal, oswa nan Rezèv la? Tanpri chwazi tout sa ki aplikab yo:

Mwenmenm Konjwen/Patnè Timoun Lòt (Ekri) _____

SEKSYON 3: REVNI

Estimasyon revni anyèl total konbine tout pwopriyetè yo ak konjwen yo:

Ou dwe antre yon nimewo nan bwat sa a ►

\$

Gade enstriksyon ki gen nan aplikasyon sa a, oswa vizite www.nyc.gov/scherenewal pou plis enfòmasyon.
Ou dwe bay enfòmasyon sou revni oswa sa ka retade tretman aplikasyon w nan.

SEKSYON 4: DOKIMAN

1. Revni

Ou dwe bay kopi tout sous revni pou tout pwopriyetè ak konjwen yo pou ane sivil anvan an. Sa gen ladan, men se pa sa sèlman, deklarasyon enpo nan revni federal oswa Eta a ak tout orè, W2 yo, 1099 yo, deklarasyon Sekirite Sosyal, ak avantaj retrèt.

2. Bay enfòmasyon ki annapre yo sèlman si te gen yon chanjman depi ou te ranpli dènye aplikasyon w nan.

- Si yon pwopriyetè ki nan tit pwopriyete a ap viv yon lòt kote akòz divòs, separasyon legal, oswa abandon, tanpri soumèt yon kopi nan dokiman legal la.
- Si yon pwopriyetè ap viv aplentan nan yon etablisman swen sante rezidansyèl, tanpri voye yon lèt ofisyèl ki soti nan etablisman an.
- Si yon pwopriyetè te mouri, tanpri soumèt yon kopi sètifika lanmò a.
- Si yon twòst (*trust*) posede pwopriyete sa a, oswa si gen yon byen imobilye sou pwopriyete a, tanpri soumèt yon kopi nan dokiman Twòst (*Trust*) la oswa patrimwàn avi a.

SEKSYON 5: SÈTIFIKASYON

Chak pwopriyetè byen yo dwe siyen pou yo ka trete aplikasyon w nan.

Mwen sètifye tout enfòmasyon yo bay nan aplikasyon sa a se verite epi yo kòrèk selon tout sa mwen konnen.

Mwen sètifye mwen p ap resevwa yon franchiz fiskal sou pwopriyete nan nenpòt lòt pwopriyete mwen posede, tankou pwopriyete andeyò Vil New York yo.

Mwen konprann enfòmasyon sa yo ap sibi yon kontwòl epi si Depatman Finans la detèmine mwen te fè fo deklarasyon, mwen ka pèdi avantaj mwen yo alavni epi mwen responsab pou tout responsablite ak penalite ki aplikab yo. Mwen konprann mwen oblije fè Depatman Finans la konnen tout chanjman ki ka afekte kalifikasyon mwen pou avantaj sa a.

Mwen konprann Depatman Finans la ka fè yon verifikasyon sou revni mwen.

Non:	Siyati:	Dat:

Si akòz yon andikap ou bezwen yon aranjman pou w aplike epi pou w resevwa yon sèvis oswa pou w patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, tanpri kontakte Fasilite Sèvis Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oswa lè w rele nan 311.

* Ou dwe bay nimewo Sekirite Sosyal ou oswa nimewo ITIN ou pou w aplike pou franchiz fiskal sou pwopriyete sa a. N ap mande enfòmasyon sa yo pou asire dosye nou yo egzat, epi ou te soumèt enfòmasyon ki egzat. Se dwa nou pou mande enfòmasyon sa yo ki dekri nan Seksyon 11-102.1 nan Kòd Administratif la.